



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY KOMITE SOU SEKIRITE SIKILASYON GOUVÈNÈ A LÒD POU LI ETIDYE TEKNOLOJI “TEXTALYZER” A

Yon teknoloji ki fèt pou detekte si yon telefòn selilè te sèvi touswit anvan yon aksidan

Komite a pral travay avèk òganis manm, defansè, espesyalis dwa, ak lòt pati entereze pou rasanble enfòmasyon sou teknoloji a ak enpak li

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee, GTSC) lòd pou li etidye teknoloji “Textalyzer” a, ki fèt pou detekte si yo te sèvi avèk yon telefòn selilè nan moman anvan yon aksidan. Komite a pral tande defansè ki soutni teknoloji sa a epitou lòt pati entereze epi l ap sòti yon rapò sou konklizyon li yo.

“Malgre lwa pou entèdi moun sèvi avèk telefòn selilè pandan y ap kondwi, gen otomobilis ki toujou kontinye ap ensiste li ak voye tèks pandan yo dèyè volan -- epi mete tèt yo ak lòt moun nan gwo danje”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Etid sa a pral egzamine efikasite nouvo teknoloji ki fèk parèt sa a pou pran mezi estrik kont konpòtman enpridan sa a ak evalye enplikasyon li yo seryezman pou garanti nou pwoteje sekirite ak konfidansyalite Nouyòkè yo.”

Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak òganis manm li yo pral etidye:

- Teknoloji ki la deja;
- Kesyon konstitisyonèl ak jiridik ki asosye avèk aplikasyon ak itilizasyon yon teknoloji konsa;
- Aplikasyon ak itilizasyon teknoloji konsa yo nan lòt jiridiksyon;
- Amanman legal ki nesesè pou aplikasyon ak itilizasyon yon teknoloji konsa nan New York; epi
- Tout lòt kesyon yo jije ki nesesè;

Nan fen etid la, y ap sòti yon rapò sou rechèch yo a ak pwochen etap yo. Komite a ap planifye rankont avèk pati entereze yo.

Terri Egan, Komisè Egzekitif Adjwen Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles) Eta New York la ak Prezidan pa Enterim GTSC, te deklare, “New York depi lontan alavangad nan pran mezi pou pwoteje chofè yo, motosiklis yo ak pyeton yo. Nou te premye eta ki te adopte yon lwa sou kas motosiklèt, yon lwa sou senti sekirite pou pasaje devan ak yon lwa sou telefòn selilè. Nou vle sèten nou konsidere tout enpak teknoloji a atantivman pou pi byen garanti sekirite piblik ak aplikasyon efikas lwa a. Nou fè anpil efò pou voye yon mesaj ki di li ak voye tèks oswa pale nan telefòn pandan w ap kondwi se yon ris pèsòn pa ta dwe pran, gras a aplikasyon lalwa epitou kanpay edikatif”.

Ant 2011 ak 2015, 12 moun te mouri nan Eta New York epi 2,784 moun te blese nan aksidan poutèt telefòn selilè, dapre yon rapò Enstiti pou Jesyon ak Rechèch sou Sekirite Sikilasyon an (Institute for Traffic Safety Management and Research) te pibliye an Desanm 2016.

Pandan tan sa a, yo te bay 1.2 milyon kontravansyon poutèt vyolasyon ki gen pou wè avèk telefòn selilè. Yon te bay yon total 217,021 kontravansyon poutèt vyolasyon ki gen pou wè avèk telefòn selilè an 2015, yon diminisyon 16 pousan pa rapò a 2011. Nan kontravansyon yo te bay an 2015 yo, 39 pousan te poutèt tèks.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418